आकाशवाणी, गोरखपुर

<u>दिनांक–13 अप्रैल 2026</u> <u>भोजपुरी समाचार</u>

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत क नारी सक्ति अपने मजबूत साहस, आत्मविस्वास आ मेहनति के दम पर लगतारे नया ऊंचाई छू रहलि हौ। नई दिल्ली में आजु नारी शक्ति वंदन सम्मेलन के सम्बोधित करत श्री मोदी कहलें कि भारत एक्कइसवां सदी में महिला ससक्तीकरण के समरपित एगो बड़हन फैसिला करे जा रहल हवें। उहां के कहलीं कि संसद नया नया इतिहास रचे जा रहल हौ, जेहमें भूत आ भविस्य के महत्वाकांक्षा के पूरा कइल जाई।

**21वीं सदी के महत्वपूर्ण निर्णय में से एक महत्वपूर्ण निर्णय ये है नारी शक्ति वंदन को समर्पित है, हमारे देश के सांसद एक नया इतिहास रचने के करीब है, एक ऐसा नया इतिहास जो अतीत की संकल्पनाओं को साकार करेगा, जो भविष्य के संकल्पों को पूरा करेगा।**

प्रधानमंत्री कहलें कि लोकतंत्र में महिला आरक्षण बहुते जरूरी बा। उहां के कहलीं कि महिला लोगिन क भागीदारी, लोकतंत्र के मजबूत करे ला। श्री मोदी कहलें कि पंचायती राज संस्थान महिला नेतृत्व क उत्कृष्ट उदाहरण हौ। प्रधानमंत्री कहलें कि येह समय में चउदह लाख से बेसी महिला स्थानीय, सार्वजनिक निकायन में सेवा दे रहलि हइनि।

**आज भारत में 14 लाख से अधिक महिलाएं लोकल गवर्नमेंट बॉडी में सफलतापूर्वक काम कर रही है। लगभग 21 राज्यों में तो पंचायतों में उनकी भागीदारी करीब–करीब 50: पर पहुंच चुकी है। लाखों महिलाओं की राजनीति और सामाजिक जीवन में ये सक्रियता दुनिया के बड़े–बड़े नेताओं और राजनीति के विशेषज्ञों को भी बहुत ही हैरान करने वाली बात होती है और इससे भारत का बहुत गौरव बढ़ता है।**

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु लखनऊ में आयोजित 'सांसद खेल महाकुंभ' समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि भारत पछिला कुछु बरिस में खेल जगत में आपन छाप छोड़ले हौ। श्री सिंह कहलें कि बीतल इग्यारह सालि में खेलि के क्षेत्र में एगो नया जुग क सुरूआति भहल बा।

**यह नया युग विश्व में भारत को सिर्फ एक बड़े खेल शक्ति बनाने भर का ही नहीं है, बल्कि यह खेल के माध्यम से समाज के सशक्तिकरण का भी एक यह नया दौर है।**

खेल जगत में हो रहल बदलावन में केन्द्र सरकार के जोगदान क जिकिरि करत रक्षा मंत्री कहलें कि सरकार खेल अवसंरचना पर करीब पांच हजार करोड़ रूपिया खरच कइले हवें। उहां के कहलीं कि अब ढेरि संख्या में लोगि खेलि के क्षेत्र में आपन करियर बनवले के ओरि आकरसित हो रहल हवें।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के जन भवन में आदर्श माध्यमिक विद्यालय के नया भवन क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई विद्यालय माध्यमिक आ बेसिक शिक्षा के समन्वय क एगो उत्कृष्ट मॉडल हौ। श्री योगी कहलें कि हर मनई में योग्य बनले क क्षमता बा बाकिर ओकरे खातिर एगो सक्षम योजक क जरूरति होला।

**कोई मनुष्य अयोग्य नही है उसमें भी योग्य बनने का सामर्थ्य है। लेकिन उसके लिए योजक चाहिए और योजक के रूप में शिक्षा के लिए आज हमारी गवर्नर मैडम ने उस प्रकार का एक मॉडल आपके सामने प्रस्तुत किया है कि बेसिक और माध्यमिक किस रूप में उससे प्रेरणा प्राप्त कर सकते हैं।**

येह मौका पर **'हमारा जन भवन'** पुस्तक क विमोचनों कइल गइल।

**********

प्रदेस सरकार राज्य में श्रमिकन के कल्याण आ उनके खातिर बेहतर कार्य परिस्थिति सुनिस्चित करे बदे नया उपाई लागू कइले हवे। एगो रिपोर्ट–

**नए निर्देशों के तहत श्रम कानूनों का कड़ाई से पालन अनिवार्य किया गया है। विशेष रूप से गौतम बुद्ध नगर में इनमें समय पर वेतन का भुगतान और बिना किसी कटौती के दोगुना ओवरटाइम वेतन देना शामिल है। नए दिशा निर्देशों के अनुसार श्रमिकों को साप्ताहिक अवकाश मिलना चाहिए और रविवार को किए गए किसी भी काम के लिए दोगुनी दर से मुआवजा दिया जाना चाहिए। वित्तीय सुरक्षा और पारदर्शिता सुनिश्चित करने के लिए उद्योगों को निर्देश दिए गए हैं कि वह हर महीने की 10 तारीख तक एक मुश्त वेतन का भुगतान करें और पारदर्शिता बनाए रखने के लिए वेतन पर्ची जारी करें। सुशील चंद्र तिवारी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।**

**********

मथुरा के वृन्दावन में यमुना नदी में भइल हादसा में मृतकन क संख्या बढ़ि के पनरह हो गइल बा। बचाव दल के आजु जमुना में डूबे वाला दुइ गो अउरियो लोगिन क लासि मिलल हौ। ई हादसा मथुरा में पछिला सुक्क के जमुना नदी में सरधालुअन से भरल नाइ के पलटि गइले से भइल रहे। हादसा में लापता एगो अउरियो सरधालु क तलासि जारी बा। नाई में पंजाब से आइल सरधालु सवार रहलें।

**********